

Pou Piblikasyon Imedya: 19/09/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GWROUP TRAVAY KONT KRIM LAÈN ETA NEW YORK LA AP PREZANTE YON SERI SEMINÈ FÒMASYON SOU ENVESTIGASYON KRIM LAÈN YO

Premye Seminè a ap fèt Jodi a nan Manhattan; Plis pase 140 Manm Fòs Lapolis yo te enskri pou sesyon sa a

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a Lapolis Eta New York, an patenarya avèk Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl (Division of Criminal Justice Services, DCJS) Eta New York la ak Divizyon Dwa Moun (Division of Human Rights, DHR) Eta New York la, pral òganize yon seri kat seminè fòmasyon sou engestigasyon krim laèn pou tout ajans fòs lapolis yo nan eta a. Premye seminè a ap fèt jodi a nan Manhattan e plis pase 140 Manm fòs lapolis yo te enskri pou sesyon sa a.

"New York pa gen okenn tolerans pou okenn fòm prejije oswa diskriminasyon", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Te gen yon ogmantasyon alaman nan zak anti-semitis ak laèn tout kalite nan tout eta nou an ak nan tout nasyon nou an. Kidonk, seminè sa yo se yon efò n ap fè anplis pou asire fòs lapolis eta ak lokal nou an yo gen fòmasyon apwopriye pou yo envestige epi pou swiv krim laèn yo epi kenbe Nouyòk yo an sekirite."

"Nou pap tolere okenn fòm vyolans oswa laèn nan Eta nou an", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Avèk ogmantasyon atak antisemitis yo nan New York ak nan tout nasyon an, nou ap redouble efò nou ap fè pou konbat krim sa yo. Seri seminè fòmasyon sa yo Gwoup Travay kont Krim Laèn lan ap prezante yo ap ede asire ke ajans fòs lapolis nan tout eta a yo gen fòmasyon ak resous yo bezwen pou envestige krim sa yo epi pwoteje rezidan yo."

Chak sesyon fòmasyon yo ap gen prezantasyon manm Gwoup Travay kont Krim Laèn Eta New York la (Lapolis Eta, DCJS ak DHR), ansam ak Lig Anti-difamasyon an (Anti-Defamation League), Konsèy Relasyon Kominote Jwif New York la (Jewish Community Relations Council of New York) ak Biwo Pwokirè Distri Konte Queens lan (Queens County District Attorney's Office) ap fè. NYPD ap fè yon prezantasyon nan fòmasyon Manhattan nan tou. Sijè y ap prezante nan sesyon yo genyen ladan yon apèsi sou envestigasyon sou krim laèn pou fòs lapolis k ap reponn a ensidan sa yo, istorik gwoup ki kwè nan sipremasi moun blan yo, pou swit jidisyè kont krim laèn yo ak aplikasyon lwa kont diskriminasyon yo nan travay, sektè lojman ak akomodasyon piblik yo.

Anplis de premye fòmasyon y ap fè jodi a nan Manhattan lan, gen lòt seri fòmasyon yo pral prezante lòt kote nan eta a:

- 24 Septanm 2019 - Konte Erie
- 25 Septanm 2019 - Konte Onondaga
- 17 Oktòb 2019 - Konte Albany

Sesyon fòmasyon yo disponib sèlman pou manm kis prete sèman oswa manm sivil ki fè pati fòs lapolis, pwokirè, ofisye liberasyon kondisyonèl ak ofisye koreksyon yo. Laprès p ap gen aksè nan seminè yo paske fòmasyon fòs lapolis yo ap resevwa ap touche yon seri sijè sansib.

Komisè Lapolis Eta New York la, Keith M. Corlett te deklare, "Sesyon fòmasyon sa yo pèmèt Lapolis Eta a ak lòt patnè fòs lapolis nou yo enfòme sou dènye pwoblèm legal yo ak teknik yo pral itilize pou envestige krim laèn yo. Efò kolaborasyon sa a enpòtan anpil pou garanti ke moun ki fè krim yo asime responsablite pou aksyon yo epi pèmèt yo reyisi pouswiv yo lajistis kòmsadwa".

Michael C. Green, ki se Komisè Egzekitif Adjwen Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl la, te deklare, "Nou fyè pou n kolabore ak Lapolis Eta a ak Divizyon Dwa Moun yo sou seri seminè sa yo e nou remèsye Gouvènè Cuomo paske li toujou kontinye sipòte nou. Kit sib yo vize a se yon moun, yon gwoup moun oswa yon pwopriyete, krim prejije ak laèn pa gen plas yo nan eta sa a. Lè noukontinye enfòme fòs lapolis yo epi ba yo fòmasyon sou pi bon pratik pou yo reponn a epi mennen envestigasyon sou krim laèn yo, sa ap garanti kominote yo pral pi an sekirite pou tout Nouyòkè".

Komisè Divizyon Dwa Moun lan, Angela Fernandez, te deklare, "Fòmasyon sa a esansyèl pou fè moun ki komèt krim yo konnen ke, lè yo angaje nan krim laèn ak ensidan prejije, Eta New York ap aplike lalwa ak tout fòs li. Ajans nou an ap kontinye travay li ap fè avèk Gwoup Travay kont Krim Laèn lan pou fòme Nouyòkè yo sou dwa yo pou yo viv avèk diyite, san diskriminasyon ni prejije".

Yo eleabore fòmasyon sa a paske New York kontinye ap fè fas ak yon seri ensidan ki gen rapò ak prejije, tankou twa ensidan grafiti anti-semitis separe nan dènye jou ki sote pase la yo nan konte Rockland, Queens ak Long Island.

Gouvènè Cuomo te pran yon seri mezi pou konbat ensidan ki gen rapò ak prejije ak laèn yo, ki gen ladan yo lansman yon nouvo Liy Tèks kont Krim Laèn, ki ap pèmèt nenpòt Nouyòkè rapòte ensidan yo wè nan kominote yo a byen fasil. Nou ankouraje sila yo ki viv eksperyans oubyen ki temwen prejije oswa diskriminasyon pou yo voye mesaj tèks "HATE" nan 81336 ak detay ensidan an, ki tou gen dokimantasyon foto oswa videyo.

Liy tèks la se yon nimewo yo ajoute anplis nimewo telefòn gratis pou rapòte prejije ak diskriminasyon an ki sou kontwòl Divizyon Dwa Moun Eta a (1-888-392-3644). Depi kreyasyon li an Novanm 2016, nimewo dirèk la te resevwaprèske 23,400 apèl, epi li te refere 187 apèl bay Lapolis Eta a pou yo fè ankèt sou potansyèl kondwit kriminèl. Nan ka ijans oswa si ou se viktim yon krim, toujou rele 911. Gen yon prim 5,000 dola ki disponib tou pou tout enfòmasyon ki lakoz yon arestasyon ak kondanasyon pou yon krim laèn.

Konfòmeman ak lwa eta a, yon moun komèt yon krim laèn lè li komèt yon zak, pami yon seri zak byen espesifik, ki vize viktim lan akòz yon pèsèpsyon oubyen yon kwayans sou ras, koulè, orijin nasyonal, zansèt, sèks, relijyon, pratik relijyon, laj, andikap oswa oryantasyon seksyèl li, oubyen lè zak ki komèt la se rezilta kalite pèsèpsyon oubyen kwayans sa. Yo ka komèt krim laèn kont yon moun oubyen kont yon gwoup moun oubyen kont pwopriyete prive oswa piblik. Epitou, dapre lalwa, li ilegal pou yo fè diskriminasyon sou baz ras, orijin nasyonal, relijyon, etnisite oswa plizyè lòt klasifikasyon ankò ki pwoteje.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)